

**ZIMBABWE REPUBLIC POLICE EDUCATION SECTION
GRADE 7 MID YEAR EXAMINATION 2014**

**SHONA
PAPER 1**

JULY 2014

TIME; Ihr 30 min

**VERENGA NDIMA INOTEVERA UGOPINDURA MIBVUNZO
INOTEVERA**

Kubva musu waakabva kumusha Tozivepi haana musu waakambokotsira. Akanga atove nemazuva maviri achirara agere. Chikonzero chekushaya hope chaive chekuti vabereki vake vainge varamba kuti awane Lydia mwanasikana waVaGarai. Amai vake vainge vapika kuti Lydia haaizogara pamba pavo nemhaka yekuti mai vake VaGunzvenzve vaiva nembiri yekusabvarura machira.

Chishanu chaabva kumusha ichocho aive amukira kupopoterwa naamai vake nenyaya iyoyo. Dai nyaya yacho yaiva iri yaamai vacho chete zvaiva nani, zvino Lydia wacho ainzi aive nehunyope hwaimutsa vakafa. Zveusimbe zvaivengwa chaizvo naamai vake VaTugwete sezvo ivo vaiva hurudza yaizivikanwa nedunhu rose.

Tozivepi akazvidya mwoyo akashaya kuti oita zvipi. Musikana wake aimuda, asi aizomuisepi. Kutu auye naye kuHarare zvainetsa sezvo varungu vaaishandira vaisada munhu anogara nemudzimai. Akambofunga kunomusiya kwatete vake VaMandinyeya asi akaona kuti aizodyara mhodzi yeruvengo pakati paamai vake natete. Murume mukuru akadzungaira kusvikira osvimha misodzi. Akafunga kunwa muchetura asi akaona kuti upenyu hunokosha ndokudzima pfungwa iyoyo mumusoro make. Akazopedzisira abuda mumba make ndokunanga kubhawa uko akasvikonwa doro kusvikira asisagone kumira.

1. Tozivepi akaita mazuva mangani asingarare?
 - A manomwe.
 - B matatu.
 - C matanhatu.
 - D maviri.

2. Munyaya iyi, “ Kusabvarura machira” kudii?
 - A kuba.
 - B kubata machira zvakanaka.
 - C kuroya.
 - D kusafarira machira.

3. Tozivepi ainge abva kumusha rinhi?
 - A Mugovera.
 - B Chitatu.
 - C Muvhuro.
 - D Chishanu.

4. Nyaya dzairambirwa Lydia naamai vaTozivepi dzaive dziipi?
 - A Yeupfende nehusimbe.
 - B Yekubvarura machira nehusimbe.
 - C Yekubvarura machira kwaamai vake neusimbe.
 - D Yeusimbe nehupfende.

5. Hurudza munhu anoitei?
 - A Anopfura mapadza.
 - B Anoimba zvikuru.
 - C Anorima zvikuru.
 - D Anoteya mhuka.

6. Tozivepi aishanda kupi?
 - A KuBulawayo.
 - B Kupurazi.
 - C KuHarare.
 - D Kumusha.

7. Kusvimha misodzi kudii?
A kufirwa.
B kusuwa.
C kutosvorwa.
D kuchena.
8. Kuti, “Akazvidya mwoyo,” zvinorevei?
A Akashungurudzika.
B Akarwara.
C Akaneta.
D Akasviba mwoyo.

ISA MAZWI ANOTEVERA MUUZHINJI

9. Tezvara _____.
A Matezvara
B Madzitezvara.
C Mazitezvara.
D Tezvara.
10. Rwendo _____.
A Nzendo.
B Marwendo.
C Manzendo.
D Rwendo.

IPA DUDZIRO YEMADIMIKIRA AKAPIHWA

11. Kuisa zvitanda munzeve.
A Kusatenderana nezvinenge zvichitaurwa.
B Kusateerera.
C Kurwara nenzeve.
D Kushingirira.

12. Kuita jema newadya.

- A Kuchema.
- B Kutambudzika.
- C Kunyepera kupinda mumatambudziko pamwe nevamwe.
- D Kuchema chema.

PEDZISA TSUMO INOTEVERA

13. Huswa hwenyati ndohuri mudumbu _____.

- A hauna kufanana nehwehumba.
- B hwefuriramudenga huri mumuti.
- C huri pamuromo inofa nahwo.
- D huri pamuromo inorara nahwo.

VERENGA NDIMA INOTEVERA UGOPINDURA MIBVUNZO

Taguma, Chibaya naDzino vakatora imbwa dzavo vakaenda musango. Ava masikati nzara yakange yovabvunza mutupo. Vakazooka mutamba waive wakaibva. Vakatemha matamba ndokugara pasi vodia. Vakanzwa Chihaka yogwauta nechekuseri kwavo. Pavakacheuka vakaona shumba iri kukanyaira ichiuya kwavari.

Mumwe nemumwe akavhurumuka setsuro yamutswa nembwa achimhanya nesango. Shumba yakabva yatsomana naTaguma. Paakacheuka mwana wevanhu akachema achidemba chaakasikirwa. Paakangoti mhanye akabva asvika parwizi rwaizivikanwa nekurura makarwe. Taguma akasvikokwira mumuti waiva kumahombekombe kwerwizi. Chaasina kuziva ndechekuti midzi mizhinji yemuti uyu yaive kurutivi kwaive nerwizi. Shumba yakasvika ndokurara pasi pemuti. Mukomana akabva awedzera kukwira kuenda kumusorosoro. Muti wakabva waremerwa ndokutanga kutepuka wakananga mudziva. Taguma akaona makarwe otanga kutamba tamba achifarira madyo.

Taguma akaona atogumirwa nehupenyu nenguva pfupi pfupi. Hapana chaive nani kudonhera pasi kana mumvura nekuti kwese kwaiva nezvikara.

Akanzwa kuti chwaka chwaka ndokuona nhoru ichimhanya. Shumba yakabva yati kwarakwashu ndiye tsoma tsoma nenhoro. Taguma akambofunga kuti airota nekuti aive atofunga kuti atove munzira yeva shakabvu kare.

Akadzika mumuti nekukasika ndiye chitsoka ndibereke akananga kumba. Paakasvika kumba akatenda midzimu naNyadenga.

14. Munyaya mataurwa vana hombarume vangani?

- A Vaviri.
- B Vatatu.
- C Vashanu.
- D Vana.

15. Mashoko anoti, “Nzara yakanga yobvunza mutupo,” anorevei?

- A Vakange vanzwa nenzara.
- B Vakange vasina nzara.
- C Vaitaura zvenzara.
- D Vaiziva mutupo wenzara.

16. Pavakaona shumba _____.

- A vakamira
- B vakachema
- C vakatiza
- D vakarara

17. Ndiani akatandaniswa neshumba?

- A Dzimo.
- B Chihaka.
- C Chibaya.
- D Taguma.

18.Muti wakanga uri _____ perwizi.

- A pamberi
- B pamahombekombe
- C pakati
- D pazasi

19.Chii chakaita kuti muti utepuke?

- A Ishumba.
- B Kusvetuka kwengwena.
- C Matamba airema.
- D Kuremerwa naTaguma.

20.Chii chaizoitika kuna Taguma dai muti wakadonhera mumvura?

- A Aishambira obuda.
- B Aidyiwa neshumba.
- C Aidyiwa nengwena.
- D Airumwa nenyoka.

IPA IZWI RINOREVA ZVAKAFANANA NERAKAPIHWA

21.Dzoro _____.

- A Ndimba
- B Jana
- C Hari
- D Tsaiya

22.Ruyamuro. _____

- A Rubatsiro
- B Runya
- C Gakava
- D Rwodzi

SARUDZA IZWI RINOPIKISANA NERAKATARWA

23. Tendai inhubu yemwana.

- A akavimbika
- B inyope
- C itsotsi
- D inhafu

24. Pamba apa panogara shirikadzi.

- A tsikombi
- B tsvimborume
- C mhandara
- D mvana

DUDZIRA CHIRAHWE CHINOTEVERA

25. Imba yaamai vangu isina hwindo.

- A Bwiro
- B Tsapi
- C Hози
- D Nhanga

SARUDZA IZWI RINOKODZERA KUZADZISA PAKASHAMA

26. Hanzvadzi yaamai vako unoiti _____ .

- A mukuwasha
- B sekuru
- C muramu
- D babamukuru

27. Tete vanoti chii kumwanasikana wehanzvadzi yavo?

- A Ambuya.
- B Muroora.
- C Mainini.
- D Muzukuru.

ZADZISA NENYAUDZOSINGWI INOKODZERA

28. Pavakawanikwa vachiita guhwa hapana kana mumwechete wavo akazoti _____ kutaura.
- A hatu
 - B bufu
 - C nyevenu
 - D vhuu
29. Mujubheki akati _____ kuramba mhosva yekuba mombe yaaipomerwa.
- A tana
 - B kota
 - C papata
 - D kwangwa

VERENGA NDIMA INOTEVERA UGOPINDURA MIBVUNZO

Tinaye aive mumwe wevanhu vakaita rombo rakaipa pakambani paaishandira muguta reHarare. Kambani yakamisa basa vashandi makumi matatu kusanganisira iye Tinaye.

Zvamira kudai Tinaye akamboedza kutsvaga rimwe basa asi zvakakona n'anga murapwa achida. Hupenyu hwakamunetsa dakara ambofunga zvekunogara kumusha. Akabva atakura mhuri yake ndokuenda kumusha. Semunhu akanga ave chichoni chemudhorobha hupenyu hwekumusha hwakambomunetsa. Zvakamutorera nguva yakareba kuti ajairire hupenyu hutsva uhu. Sekuru vake VaMatambanadzo vakamutora ndokugara naye pasi vachimubaira zanzi.

Mudzimai wake akashamisika onzwa kuti murume wake ave kuda zvekurima bindu. Tinaye aishanda basa seagarwa neshavi. Akarima muriwo, madomasi nembatatisi. Nenguva isipi bindu rake rakanga rave hore nhema yoga yoga. Pakaibva mbesa dzake akatakura nengoro dzevamwe kuendes

kumusika. Mbeu dzake dzaibvutidzanwa. Murume uyu akabata inonzi mari nekuda kwebindu rake.

Tinaye akanga otozivikanwa nezita rekuti, “Mboma,” nekuda kwembeu dzake dzaive dzemhando yepamusoro. Kubva mumari yebindu rake Tinaye akatenga mombe, ngoro uye akavakawo musha waiyevedza. Akazotengawo motokari yekutakurisa mbesa dzake. Chokwadi kupfuma ishungu.

30. Rombo rakaipa rakaitika kuna Tinaye _____ .

- A ndere kuwana basa.
- B ndere kumiswa basa.
- C ndere kugara kumusha.
- D ndere kusekwa nenyika.

31. Paakatsvaga rimwe basa _____ .

- A akariwana.
- B akariramba.
- C haana kuriwana.
- D akaenda kun’anga.

32. Chii chakaita kuti Tinaye aende kumusha?

- A Akanga onetseka nekugara mudhorobha.
- B Akanga ofunga zvekurima bindu.
- C Aida kutsvagira vana nzvimbo yechikoro.
- D Aida kunotsvaga basa.

33. Ndiyani akapa Tinaye mazano anovaka?

- A Mudzimai wake.
- B In’anga.
- C NdiMboma.
- D Ndisekuru.

34. Mubindu Tinaye aishanda _____.

- A zvisihoma.
- B zveusimbe.
- C nesimba.
- D nevamwe.

35. Nemhaka yei vanhu vaimhanyira mbeu dzake kumusika?

- A Dzaive nhema.
- B Dzaiuya nengoro.
- C Dzaive dzakasvika.
- D Dzaive dzisingadhure.

36. Zita rekuti, “Mboma,” rakabva kupi?

- A Akapihwa naamai vake.
- B Akapihwa nasekuru vake.
- C Mubindu rake.
- D Kubva kumbeu dzake dzaive dzakanaka.

IPA MAZITA EVANA VEZVIPUKA ZVINOTEVERA

37. Datya

- A Nzvenzvana.
- B Nhowa.
- C Hwishu.
- D Buruuru.

38. Katsi

- A Chigwi.
- B Gondora.
- C Shere.
- D Chidharimbo.

NDECHIPI CHIREVO CHAKANYORWA ZVAKANAKA

39. A Vachuma vanobva kubuhera.
B Mombe iyi inonzi bhandomu.
C Vakaenda kuHarare kunoshava.
D Tendai ndiye Chiremba mukuru.
40. A Anofarira magaka chibage nemanhanga.
B Anofarira magaka, chibage nemanhanga.
C Anofarira, magaka, chibage nemanhanga.
D Anofarira magaka, chibage, nemanhanga.